

**Yo te envite pitit mwen an pou aplike nan pwogram Segondè Cambridge la. Eske sa vle di yo otomatikman aksepte li nan pwogram nan?**

*Chak lekòl mwayen pral genyen yon ekip pou revizyon nan syèj lekòl la, ekip sa a dirije pa direktè lekòl la. Ekip la pral revize tout aplikasyon ke yo soumèt pou detèmine ke achevman akademik elèv la, angajman li nan pwogram nan, patisipasyon, ak konduit li favorab nan pwogram Segondè Cambridge la.*

**Ki egzamen yo pral bay pitit mwen an?**

*Elèv pral sibi yon egzamen eta ki koresponn avèk kou epi/oswa nan nivo klas ke yo anwole a. Sepandan, elèv ki nan klas 7<sup>yèm</sup> ane pral kontinye pran egzamen FSA ELA a, egzamen FSA Matematik, ak egzamen Final Sivik (EOC). Elèv kap pran Aljèb pral pran Egzamen Fnal Aljèb (EOC) a.*

**Eske kou Pre-AICE (Sètifika Entènasyonal Avanse nan Edikasyon) pral administre nan egzamen Pre-AICE Cambridge Pre-AICE a?**

*Elèv nan kou Pre-AICE a papral pran egzamen Pre-AICE Cambridge la. Lekòl Piblik Collier County yo pa administre egzamen Pre-AICE Cambridge la nan lekòl segondè e pakonsekan, papral administre egzamen Pre-AICE Cambridge la nan lekòl mwayen.*

**Si pitit mwen patisipe nan pwogram Segondè Cambridge la nan lekòl mwayen, eske li pral genyen pou pran kou AICE Cambridge la nan lekòl segondè?**

*Patisipasyon nan pwogram Segondè Cambridge nan lekòl mwayen pa vle di ke elèv yo pral pran kou AICE Cambridge yo nan lekòl segondè. Yon fwa yo nan lekòl segondè, elèv yo kapab chwazi divès opsyon sou Etid Avanse (Plasman Avanse, AICE Cambridge, epi/oswa kou sou Doub Anwolman).*

**Si pitit mwen pa patisipe nan pwogram Segondè Cambridge nan lekòl mwayen, eske li toujou kapab pran kou AICE Cambridge yo nan lekòl segondè?**

*Wi, patisipasyon nan divès opsyon sou Etid Avanse (Plasman Avanse, AICE Cambridge, epi/oswa kou Doub Anwolman) nan nivo lekòl segondè pa depann sou patisipasyon nan pwogram Segondè Cambridge nan nivo lekòl mwayen.*

**Yo te aksepte pitit mwen an nan pwogram kòwòt Segondè a, men depi lè a nou chanje ide nou sou patisipasyon nou la dan li. Eske nou kapab retire li nan pwogram kòwòt Segondè Cambridge la?**

*Si ou menm avèk pitit ou a deside pou nou pa patisipe nan pwogram Segondè Cambridge la, nou mande ou pou avèti lekòl la osito ke posib yon fason pou lekòl la kapab fè ajisteman apwopriye pou orè elèv la. Atant la se pou elèv la patisipe nan pwogram Segondè Cambridge la pou tout ane a.*

**Pitit mwen an genyen yon demann pou lekòl ki pa nan zòn kote li abite a ki souzatandi. Nan ki lekòl ke yo kapab soumèt aplikasyon pou pwogram Segondè Cambridge la? Ki posiblite ki genyen pou yo aksete pitit mwen an si yo apwouve demann lan pou li ale nan yon lekòl ki pa nan zòn kote li abite?**

*Se nan lekòl ki nan zòn kote pitit ou a abite pou soumèt aplikasyon pou pwogram Segondè Cambridge la. Si yo apwouve demann pou yon elèv ale nan yon lekòl ki pa nan zòn kote li abite, yo pral transfere patisipasyon pitit ou a nan pwogram Segondè Cambridge la nan lekòl ke ou fè demann pou li a*

**Poukisa aplikasyon pou pwogram Segondè Cambridge la mande pitit mwen pou bay aktivite li andeyò lekòl?**

*Si elèv la chwazi pou li kontinye Etid Avanse nan lekòl segondè, bay lè nan pwogram sèvis kominotè a se yon konsiderasyon pou pwogram Bright Futures a. Donk, konsiderasyon pou aktivite andeyò lekòl yon elèv pèmèt ekip ki la pou revize nan syèj lekòl la konnen yon lòt aspè sou elèv la. Pou elèv yo idantifye kòm elèv ki genyen don, aktivite andeyò lekòl se yon aspè ke yo konsidere lè yo ap kreye Plan Edikasyonèl (EP) elèv la.*

**Eske pitit mwen an genyen pou rete nan pwogram Segondè Cambridge la pou chak nivo klas nan lekòl mwayen?**

*Ou menm ak pitit ou pral genyen yon opsyon pou mande pou pa patisipe nan pwogram Segondè Cambridge la pou ane swivan an. Yo pral adrese sa a nan sezon prentan lè lekòl la pral kòmanse bay elèv orè pou ane eskolè pwochèn nan.*

**Ki valè devwa yo pral bay elèv nan kou Segondè Cambridge yo?**

*Devwa nan kou pwogram Segondè Cambridge la pral genyen diferan kalitatif, yo papral genyen diferans kantitatif avèk kou ki nan nivo estanda avanse yo. Pa egzanp, si yo bay yon elèv ki nan yon kou matematik avanse 15 pwoblèm pou devwa, sa pa vle di ke kou matematik nan pwogram*

*Segondè Cambrigde la pral bay 25 pwoblèm. Angiz , kou matematik nan pwogram Segondè Cambridge la kapab genyen tou 15 pwoblèm matematik ki pral defye elèv pou fouye pi fon nan konpreyansyon ak aplikasyon nan konsèp matematik. Rigè adisyonèl pwogram Segondè Cambrigde la pa nesesèman egal ak plis devwa.*

**Pitit mwen an pran sèlman yon klas nan pwogram Segondè Cambrige la oswa eske li genyen pou pran tout klas nan pwogram Segondè Cambrige la ke yo ofri yo?**

*Yo pral asinye elèv ki aksepte nan pwogram Segondè Cambridge la nan tout klas ke yo ofri nan pwogram nan.*

**Eske kou Pre-AICE se yon kou ki genyen rapò avèk fason yo kalkile mwayèn elèv la (GPA)?**

*Wi, kou Pre-AICE a kalkile men jan yo kalkile yon kou onè nan lekòl segondè epi li aplike anvè GPA nan lekòl segondè elèv la.*

**Ki diferans ki genyen ant Plasman Avanse (AP) ak AICE, kote yo ofri toulede nan lekòl segondè?**

*Se Konsèy Administratif Kolèj la ki kreye kou Plasman Avanse (AP) yo epi yo bay kou sou nivo kolèj e yo evalye yo nan divès domèn.*

*Kou sou Sètifika Entènasyonal Avanse nan Edikasyon (AICE) yo se kou pre-inivèsite pou elèv kap etidye pou egzamen pwogram Cambridge yo.*

*Opsyon sou Etid Avanse pou elèv nan lekòl segondè bay opòtinite pou resevwa kredi lekòl segondè pandan yo ap potansyèlman resevwa kredi kolèj si yon elèv resevwa yon rezilta ki endike ke elèv la pase nan egzamen ki koresponn nan.*

*Doub anwolman se yon lòt opsyon nan Etid Avanse pou elèv lekòl segondè epi pèmèt yo resevwa kredi kolèj/vokasyonèl anvè yon diplòm, sètifika, oswa lisans pos-segondè, nan yon enstitisyon piblik nan Florid pandan ke yo resevwa tou kredi anvè yon diplòm lekòl segondè.*